

Prètriz Aawon an

Pa Èldè L. Tom Perry

Nan Kolèj Douz Apot yo

Prètriz la nou detni an se yon don espesyal, paske moun ki ba nou don an se Senyè a li menm. Itilize li, mayifye li, epi viv diy pou li.

Sa gen 25 kan pandan m t ap pale nan konferans Jeneral, mwen te prezante yon èd vizyèl ki te kanpe bòkote mwen. Sete premye pitit pitit gason mwen. Li te fèk resevwa Prètriz Aawon an li te òdone nan ofis dyak. Mwen te pwofite opòtinite nan okazyon sa a pou m te adrese li remake mwen sou enpòtans resevwa Prètriz Aawon an.

Mwen te di pitit pitit gason m nan:

“M pa toutafè kontan avèk kondisyon mond lan oumenm ak lòt jènjan yo ap eritye a pandan n ap kòmanse wòl nou nan pwogresyon nou vè matirite a. Pandan ke sa nan pami nou yo ki pi gran yo nan yon laj ak pozisyon pou enflyanse mond lan, mwen panse ke nou echwe grandman nan sa nou pèmèt kondisyon yo vin ye nan mond lan. Sa mete ou nan yon pozisyon kote anpil nan moun ou dwe frekante yo pa t elve avèk yon konpreyansyon oswa respè pou valè tradisyonèl yo. Konsa, presyon zanmi vin pi plis difisil ak ekstrèm.

“Nou pote rantre nan fwaye nou radyo, dvd, ak televizyon. Pandan ke yo chak gen potansyèl pou founi divètisman ki apwopriye, anpil nan sa yo pwodui pou ba nou plezi pou koute ak gade yo pa gen kalite pou enspire ak ankouraje jènjan yo. Anreyalite, pifò nan sa yo pwodui yo degradan. Nan sèlman vire yon bouton la a nan fwaye nou, gen potansyèl pou detwi andedan nou yon sans sou sa ki byen ak sa ki mal” (“I Confer the Priesthood of Aaron,” *Ensign*, Nov. 1985, 46).

Piplis bagay yo ap chanje, se pi plis yo rete menmjan--eksepte pou teknoloji. Mwen anvi mande jènjan nan Prètriz Aawon yo si yo menm konnen kisa yon ‘tourne-disque’ ye. Pou nou menm ki pa konnen yo, se yon bagay nou te konn itilize pou n t al nan salon pou n jwe pou nou te kapab tande mizik. Imajine sa---, nou te oblije ale kote l te ye a, olye nou te mache avèk li toupatou kote n ta prale.

Mwen te ansenye pitit pitit gason m nan, Terry, kat leson baze sou istwa Daniel la nan Ansyen Testaman an tou. Mwen te di li (1) kenbe kò li ansante epi pwòp; (2) devlope lespri li epi vin saj; (3) rete solid epi reziste anba tantasyon nan yon mond ki ranpli avèk sa; epi, (4) kwè nan Senyè a, espesyalman lè ou bezwen pwoteksyon Li.

Mwen te fini konsèy m te bay Terry yo avèk pawòl sa yo: “Istwa sa yo nan ekriti yo pap janm pase mòd. Y ap osi eksitan pou ou lè w ap li yo lè vin yon dyak, yon enstriktè, yon prèt, yon misyonè, yon enstriktè nan fwaye, yon prezidan kowòm ansyen, oubyen nan kèlkeswa sa Senyè a aple ou pou w fè. Y ap ansenye ou pou w gen lafwa, kouraj, lanmou pou pwochen ou, kwayans, ak konfyans nan Senyè a” (*Ensign*, Nov. 1985, 48).

Mwen kontan pou m repòte ke Terry te rete fidèl ak chaj mwen te bali a sa gen 25kan an. Nan apre, li te vin resevwa Prètriz Melkizedèk, li te sèvi yon misyon fidèl, kounyeya l ap sèvi kòm prezidan kowòm ansyen, epi natirèlman, li se papa yon bèl pitit fi.

Anpil bagay chanje nan dènyè ka syèk sa a. Yon lòt bagay ki rive sèke anpil nan pitit pitit mwen yo grandi epi yo gen pwòp pitit pa yo kounyeya. Ete sa a mwen te gen opòtinite pou m te kanpe nan yon sèk detantè prèttriz pou te mete men m sou tèt pi gran pitit pitit gason mwen pandan papa li t ap konfere l Prèttriz Aawon an. Menmsi pitit pitit gason m nan pa prezan pou kanpe bòkote m jodia, mwen ta renmen adrese remak mwen yo pou li menm ak noutout bèl jènjan yo ki detni Prèttriz Aawon an.

Se yon benediksyon espesyal pou n resevwa Prèttriz Aawon an. Listwa rapòte jou gloriye lè prèttriz la te retabli sou tè a, sa ki bay lèzòm dwa pou yo aji antanke ajan Bondye ankò lè y ap akonpli òdonans sakre prèttriz yo. Sete jou 5 Avril 1829 ke Oliver Cowdrey te rive lakay Joseph Smith nan Harmony, Pensylvani. Oliver te poze Pwofèt la kesyon sou travay li pou tradwi yon ansyen anal la, Liv Mòmmon an. Paske li te konvenki de divinite nati travay la, Oliver te dakò pou sèvi kòm sekretè pou konplete tradiksyon an. Travay tradiksyon an te pwogrese rapidman osito Oliver te angaje l pou sèvi kòm sekretè a.

Nan zòn 15 Me 1829, Joseph ak Oliver te deja rive nan 3 Nephi. Istwa Sovè resisite a ki te vizite Emisfè Wès la, ak ansèyman li sou batèm yo te atire yo anpil. Pandan yo t ap li nan 3 Nephi a, lespri yo te kòmanse panse sou batèm. Ki fason batèm ki kòrèk, epi kiyès ki gen otorite pou akonpli òdonans Sali sakre sa a? Yo te chèche yon repons pou kesyon doktrinal fondamantal sa yo. Yo te detèmine pou chèche yon repons nan lapriyè, e yo te ale nan yon ti kote toupre a nan zòn rivyè Susquehanna a. Yo te devèse kè yo, epi syèl la te louvri pou yo. Yon zanj te parèt, ki te prezante tèt li antanke Jan Batis, epi l te di Joseph ak Oliver li t ap aji sou direksyon Pyè, Jak, ak Jan ki te detni Prèttriz ki pi wo a. (gade Joseph Smith---Istwa 1:72).

Li te mete men sou tè yo epi l te di:

“Noumenm sevitè asosye m yo, nan non Mesi a, m konfere Prèttriz Aawon an, ki gen kle ministè zanj yo, ak levanjil repantans la, ak batèm plonje anba dlo pou padon peche yo; epi sa p ap janm sòti ankò sou tè a, jistan pitit gason Levi yo ofri Senyè a ankò yon ofrann nan lajistis.” (D&A 13:1)

Nan apre, Oliver te dekri evenman an avèk pawòl sa yo: “Men---panse, panse pi lwen pou yo moman, ki lajwa ki te ranpli kè nou, epi avèk ki sipriz nou te koube,... lè nou te resevwa anba men l Prèttriz ki sen an” (Joseph Smith---Istwa 1:71, referans).

Apre ke limanite te fin tann pandan dè syèk pou otorite Bondye a te vin retabli, pouvwa avèk glwa sent Prèttriz Aawon an te retounen sou tè a. Nan seksyon 107 Doktrin ak Alyans yo, nou aprann poukisa Prèttriz ki pi piti a rele Prèttriz Aawon:

“Dezyèm Prèttriz la rele Prèttriz Aawon, paske li te konfere sou Aawon ak desandan li yo nan tout jenerasyon yo.

“Poukisa li rele pi piti Prèttriz la se paske se yon branch nan pi gran an, oubyen Prèttriz Mèlkizedèk la, epi li gen pouvwa pou administre nan òdonans tanporèl yo....

“Pouvwa ak otorite pi piti a, oubyen Prèttriz Aawon an, se pou l kenbe kle ministè zanj yo, epi pou administre nan òdonans tanporèl yo, lèt levanjil la nan fòm li, batèm repantans pou padon peche, ki an akò avèk alyans ak kòmandman yo (D&A 107:13—14, 20).

Non sèlman jènjan Prèttriz Aawon yo resevwa pouvwa ak otorite pou vin ajan Senyè a nan pote responsablite Prèttriz yo, men yo resevwa kle ministè zanj yo tou.

Jènjan Prètriz Aawon yo, mwen temwanye nou ke Senyè a lye pa alyans solanèl pou l beni lavi nou selon fidelite nou. Si nou tande vwa avètisman Sentespri a, epi nou swiv direksyon Li, n ap beni avèk ministè zanj yo. Benediksyon sa a ap ajoute sajès, konesans, pouvwa, avèk laglwa nan lavi nou. Se yon benediksyon asire ke Senyè a pwomèt nou.

Sa gen kèk mwa m te gen opòtinite pou m t ale nan yon reyinyon jèn ak temwanyaj nan yon pawas. Youn nan moun ki te kanpe pou rann temwanyaj yo sete yon konseye nan Prètriz Aawon. Temwanyaj li a te ban m yon nouvo apresyasyon pou kisa sa vle di pou yon detantè Prètriz Aawon detni kle ministè zanj yo.

Konseye sa a te decri kèk nan eksperyans li te fè avèk Prètriz Aawon an nan pawas la jou maten sa a. Pandan l t ap mache al legliz la li te remake de jèn dyak avèk anvlòp ofrann jèn ki t ap rale lakay manm yo. Li te enpresyone pa fason yo te abiye ak pi bèl rad jou Dimanch yo ak pa fason yo te akonpli tach yo a avèk diyite. Apresa li te akonpanye de prèt pou administrateur Sentsèn nan yon fwaye rezidansyèl pou gason ki te fizikman ak mantalman andikape. Sete premye opòtinite jènjan sa yo te genyen pou al vizite fwaye sa a, epi konseye a te note fason yo te akonpli tach yo nan Prètriz la avèk respè ak swen.

Après, konseye a te pataje yon brèf eksperyans ki te pwofondeman touche kè li, paske youn nan prèt yo te raple li sa sa reyèlman vle di pou yon moun se yon vrè minis Jezikri--- literalman, yon zanj k ap ministre. Jèn prèt ki t ap distribye dlo a bay kongregasyon an te rive sou yon mesye ki te sanble l te gen gwo pwoblèm maladi tranble (Mongòl). Kondisyon mesye a pat pèmèt li kapab pran kèp Sentsèn nan nan plato a pou l te bwè l. Jèn prèt sa a te imedyatman jere sityasyon an. Li te pase men goch li dèyèt tèt mesye a pou l te kapab vin nan yon pozisyon pou l bwè, epi avèk men dwat la li te pran yon kèp nan plato a epi jantiman ak dousman li te leve l mete nan bouch mesye a. Yon ekspresyon apresyasyon te parèt sou figi mesye a--- ekspresyon yon moun yon lòt moun t ap sèvi. Apresa, jèn prèt ekstraòdinè sa a te kontinye tach li pou pase dlo beni an bay lòt manm yo nan kongregasyon an.

Konseye a te eksplike nan temwayaj li a kisa l te santi nan moman presye sa a. Li te di ke l te kriye ansilans ak lajwa, e li te konnen Legliz la te nan bon men avèk jèn detantè Prètriz Aawon sousye, obeyisan sa yo.

Prezidan Ezra Taft Benson te di yon fwa:

“Ban m yon jènjan ki kenbe tèt li moralman pwòp epi ki fidèlman ale nan reyinyon Legliz yo. Ban m yon jènjan k ap manifye Prètriz li epi kip ran Rekonpans Devwa anvè Bondye a epi l se yon Eskout Eagle. Ban m yon jènjan ki gradye nan seminè epi ki gen yon temwanyaj brilan konsènan Liv Mòmmon an. Ban m yon jènjan konsa, epi m ap ba ou yon jènjan ki kapab akonpli mirak pou Senyè a nan chan misyon an ak pandan tout lavi li.” (“To the ‘Youth of the Noble Birthright,’” *Ensign*, Me 1986, 45).

Paran jènjan ak jènfi ekstraòdinè sa yo, nou chaje nou avèk responsablite sakre pou ansenye pitit nou yo doktrin Sent Prètriz la. Pitit nou yo dwe aprann byen bonè benediksyon pou gen Prètriz etènèl Senyè a ak sa yo dwe fè pèsònèlman pou kalifye yo pou benediksyon sa yo.

Èvèk yo, nou gen kle Prètriz yo pou nou prezide sou jènjan Prètriz Aawon yo, pou nou chita an konsèy avèk yo epi pou ansenye yo devwa Prètriz yo. Silvouplè, asire nou ke chak jènjan ki diy pou resevwa Prètriz Aawon an konprann obligasyon ak benediksyon li genyen antanke yon detantè Prètriz. Ede l aprann manyifye Prètriz la kounyeya nan ba li tach enpòtan ak nan ede l sèvi ak pran swen lòt moun.

Jènjan yo, mwen ba nou tach pou nou bati lavi nou sou yon fondasyon verite ak jistis. Se sèl fondasyon k ap kanpe devan presyon lavi sa a epi andire atravè etènite yo. Prètriz la nou detni an se yon don espesyal,

paske moun ki ba nou l lan se Senyè a Limenm. Itilize li, manyifye li, epi viv diy de li. Mwen vle nou konnen ke mwen gen yon temwanyaj espesyal ak pèsonèl sou puisans li. Li beni lavi mwen nan sitelman anpil fason.

Mwen ba nou tach tou pou n detèmine jodia pou nou onore gwo benediksyon sa a epi prepare nou pou nou avanse nan chak ofis nan Prètriz Aawon an---dyak, enstriktè ak prèt. Prepare tèt nou pou gwo benediksyon ki se resevwa Prètriz Mèlkisedèk la, ke nou pral bezwen vin diy pou nou resevwa li anvan nou sèvi yon misyon apentan. Senyè a bezwen nou pou prepare tèt nou pou sèvis Li, espesyalman gwo responsablite nou pral genyen pou deklare levanjil li a bay mond lan. Mwen pwomèt nou ke si nou prepare nou pou n resevwa Sent Prètriz Li a, l ap literalman devèse benediksyon sou tèt nou. Mwen kite temwanyaj sa a avèk nou nan non Senyè ak Sovè nou an, ki se Jezikri, amèn.